

03-2020

SA POU NOU KONNEN SOU...


COVID -19

NOUVO VIRIS KOWONA 2019

*Mel
Jeanty*

WWW.MELJEANTY.COM





Kisa Kowona Ye?

KI ORIJIN LI?


Se yon viris ki te kòmanse pwopaje nan Wuhan nan peyi Lachin an Desanm 2019. Yo vinn rele li "pandemi" paske li pwopaje sou anpil lòt peyi nan mond lan.

KIJAN LI PWOPAJE?

COVID-19 pwopaje lè yon moun ki gen viris la touse oswa estènye. Moun ki bò kote l yo ki pa gen viris la ka atrap li lè gout ki soti nan bouch oswa nan nen malad la rive rante nan bouch, nen oswa je yo. Menm gout sa yo ka rete sou lòt sifas tankou tab, gode, elatriye.

KI STATISTIK NOU GENYEN?

Nan peyi Lachin, sou 100 moun ki malad, anviwon 4 mouri. Pou Itali, sou 100 moun malad, anviwon 8 mouri (enfòmasyon ki soti mwa mas 2020). Yo estime sou chak 6 moun ki pran nan COVID-19, yon ka sou 6 kapab rive grav. Anviwon 80% moun ki pran nan COVID-19 vin byen apre.



Kisa Kowona Ye?

KIYÈS KI PI VILNERAB?

COVID-19 pi grav pou sa yo ki gen anpil laj ak sa yo ki deja gen lòt pwoblèm sante tankou tansyon, dyabèt, pwoblèm kè, elatriye.

KONBYEN TAN?

Gen ant 1 ak 14 jou ant lè yon moun atrap viris la ak lè yo kòmanse wè sentòm. Gen kèk moun tou ki pa janm gen sentòm COVID-19 yo men ki ka toujou transmèt viris la.

KI TRETMAN?

Paske COVID-19 se yon viris, antibyotik pap mache kòm tretman. Poko gen fason pou nou trete viris sa a men, gen rechèch ki ap fèt sou sa. Epi tou, gen tretman ak medikaman pou ede jere sentòm COVID-19 yo jan nou kapab.

Kèk Sentòm Covid



TOUSE



**TÈT FÈ MAL
KÒ FÈ MAL**



LA FYÈV

Kisa Pou Nou Fè?



EVITE KONTAK

Pa bay lanmen. Pa bo moun. Pa touche moun. Pa touche visaj nou. Pa touche bagay lòt moun touche. Evite reyinyon plis pase 50 moun.



LAVE MEN NOU

Lave epi foubi men nou ak savon ak dlo pandan 15-20 sekonn anpil fwa nan jounen an. Netwaye tout kalite sifas ak objè nou touche chak jou yo (tab, telefòn, manch pòt, elatriye...)



IZOLE TÈT NOU

Si nou santi nou gen sentòm yo, e menm si nou pa santi anyen, chèche mete kò nou apa pou nou pa enfekte lòt moun.

Kisa Nou *Ka Fè?*



PRIYE

Priye pou responsab sante nan peyi a gen sajes nan jere pwoblèm sa a. Priye pou responsab legliz nou yo ka gen sajes tou.

Priye pou nou ka konprann kijan pou nou montre youn lòt lanmou jan Bondye mande nou. Priye pou sayo ki pi vilnerab nan peyi nou.

AKSEPTÉ SÈLMAN BON ENFÒMASYON



Pa kite move enfòmasyon sou COVID-19 fè nou pèdi tèt nou, pa kwè tout mesaj ki vin jwenn nou sou gwoup WhatsApp nou yo oubyen sou Facebook. Verifye chak sa ki vin jwenn nou anvan nou pataje l ak lòt moun. Toujou poze kesyon **"Ki kote enfòmasyon sa soti?"** pou nou pa pran nan manti.

MSPP

Suiv sa Ministè Lasante di nou. Plis nou obeyi sa otorite yo di nou, plis nou gen chans konbat COVID-19.

ZEWÒ KONTAK

Evite moun touche youn lòt oubyen touche sa lòt moun touche. Montre legliz nou nouvo fason pou yo fè ofrann, salye youn lòt, pran Sent Sèn, chante nan moman adorasyon. Pa pwoche youn lòt mwens pase 2 mètr.

ABITID IJYÈN

Ankouraje moun legliz yo lave men yo ak savon ak dlo (oswa itilize sanitizer). Fè plis efò pou twalèt piblik yo toujou gen dlo ak savon, epi pou yo byen netwaye ak kloròks chak jou, pou evite pwopaje viris la.

Kèk Konsèy Pou Lidè Legliz Yo



LAPRIYÈ

Konbat move enfòmasyon moun ki di yo pa bezwen pran prekosyon paske Bondye ap pwoteje yo. Sa pou nou fè, se pou nou priye pou Bondye ban nou sajès ak vijilans pou nou pran bon abitud ijyèn epi pwoteje kò nou.


LANMOU FRATÈNÈL

Ede legliz nou evite panik ki fè youn pa trete lòt byen. Sa pou nou fè se wè kijan nou ka montre lanmou Bondye ak vwazen nou ak anpil sajès pandan jou sa yo.

PEYI LÒK

Si nou rive nan sitiyasyon lòk, kanpe reyinyon piblik yo. Itilize rezo yo pou sèvis legliz yo (tankou Facebook live). Fè reyinyon priyè nan telefòn. Voye gid lekti ak etid pou moun pase tan nan Pawòl la lakay yo. Sitou evite panik e kontinye pataje bon enfòmasyon ak ankourajman.

Kèk Konsèy Pou Lidè Legliz Yo



Ki Kote Nou Fwenn Enfòmasyon Sa Yo?

ÒGANIZASYON MONDYAL LASANTE

<https://www.who.int/news-room/q-a-detail/q-a-coronaviruses>

MINISTÈ SANTE AYITI

<https://mspp.gouv.ht/newsite/>

LEGLIZ ANGLÈTÈ

<https://www.churchofengland.org/more/media-centre/coronavirus-covid-19-guidance-churches>

INIVÈSITE JOHN HOPKINS

<https://coronavirus.jhu.edu/map.html>



03-2020

SA POU NOU KONNEN SOU...

COVID -19

NOUVO VIRIS KOWONA 2019

*Mel
Jeanty*

WWW.MELJEANTY.COM

